NOU KONTAN RESEVWA OU NAN
JACKSON HEALTH SYSTEM

# GID SWEN



Jackson
HEALTH SYSTEM
*Mirak Fèt Chak Jou.*

*Jwenn gid sa a sou entènèt nan JacksonCareGuide.org.*



# TAN W AP FÈ LOPITAL LA

# CHANM OU
## KONFÒ OU

**Chanm Lopital**

A. Tab pou kabann
B. Ponp pou medikaman
C. Debimèt oksijèn
D. Telekòmand ak bouton apèl
E. Tansyomèt
F. Òdinatè pou pèsonèl




*Chanm ou ka lejèman diferan de egzanp sa a.*

### PALE

### KONNEN PWOFESYONÈL SWEN SANTE W

Ou gen dwa pou:

- Wè badj idantifikasyon kèlkeswa moun ki antre nan chanm ou.
- Mande non ak fonksyon kèlkeswa moun ki antre nan chanm ou.
- Pale ak yon enfimyè an chèf si yon pwofesyonèl swen pa ta prezante tèt li.

### PALE

### BRASLÈ OU, SEKIRITE W

Pwofesyonèl swen nou yo ap verifye braslè w la souvan, tankou chak fwa w ap fè egzamen ak lè y ap ba w medikaman. Li ka parèt yon repetisyon, men se pou sekirite w.




### NOU LA POU OU

**Konfò Ou**

Ou dwe konfòtab plis posib sou kabann lopital ou a. Enfimyè w la ap montre w jan pou ou ajiste l san danje ak jan pou ou itilize bouton apèl la. Enfimyè w la ap diskite atant ou konsènan vitès reyaksyon pèsonèl nou an lè ou itilize bouton apèl la.

**Nou dakò _____ minit se yon tan reyaksyon apwopriye.**

### Sou Ki Baz Yo Te Mete M Nan Chanm Mwen Ye A?

Chwa chanm ou an te baze sou plizyè faktè, tankou eta sante w, dyagnostik ou, bezwen medikal ou ak disponiblite kabann.

### Pou Rele Ekip Swen W Lan

- Bouton apèl **wouj** la sou telekòmand ou an.
- Lè ou peze bouton an, l ap alète yon pòs enfimyè pou di ou bezwen asistans epi yon limyè ap limen nan koulwa a sou tèt pòt ou a.
- Yon manm pèsonèl la ap vini pi vit posib. Premye pwofesyonèl sante ki disponib la gen dwa pa enfimyè w la, men l ap asire l manm pèsonèl ou bezwen an reponn bezwen w yo tousuit.

## TELEKÒMAND CHANM PASYAN KI ENTÈNE

A. Bouton apèl pou mande asistans ekip swen w lan
B. Klavye chèn televizyon
C. Chèn televizyon up/down
D. Volim up/down
E. Televizyon on/off
F. Limyè chanm on/off

*Ale nan paj 46 pou gid chèn.*

*Telekòmand pasyan w lan ka gen yon ti diferans pa rapò ak egzanp sa yo.*





# KOMINIKASYON




Ou se yon manm kle nan ekip swen w lan epi w ap enplike nan diskisyon ak desizyon konsènan tretman w ak retablisman w. Men kèk nan fason n ap kominike avè w:

- N ap mete tablo kominikasyon ki nan chanm ou an ajou omwens de (2) fwa pa jou ak non pwofesyonèl swen aktyèl ou yo ak lòt enfòmasyon sou eta sante w. Li gen espas pou objektif pèsonèl ou, kesyon ak pou pwoblèm ou tou.
- Lè ekip swen w lan chanje – a 7:00 a.m. ak 7:00 p.m. an jeneral – w ap patisipe nan yon pwosesis ki rele Transfè Responsablite Swen. Ekip ki fini woulman pa l la ap rankontre ak nouvo ekip la avè w pou l asire l tout moun konprann pwogrè w ak atant ou.
- Ou ka toujou chwazi yon manm fanmi w oswa yon zanmi w pou patisipe nan diskisyon yo ak manm ekip swen w lan, tankou Transfè Responsblite Swen.
- Pou pwoteje vi prive w, yon doktè oswa yon enfimyè ka mande vizitè w yo soti avan konvèzasyon medikal. Ou toujou gen dwa pou kite pwòch ou yo rete nan chanm nan.

PALE

### PATISIPE NAN SWEN W

Paske ou se sant ekip swen ou, ou gen dwa:

- Patisipe nan tout etap swen ou, tankou nan diskisyon ak doktè ou.
- Chache yon dezyèm oswa yon twazyèm opinyon.
- Kesyone pwofesyonèl swen w yo sou fòmasyon yo ak eksperyans yo nan tretman pwoblèm ou an.
- Resevwa enfòmasyon ekri sou eta sante w.
- Chache konnen konbyen tan tretman w lan ap dire epi ki jan li ta dwe fè w santi w.
- Konprann kòman pou w sèvi ak nenpòt ekipman medikal ou sipoze manye.





# KONPRANN MEDIKAMAN W

Medikaman se yon pati enpòtan nan tretman w pandan ou nan lopital la. Ou kapab resevwa medikaman ki diferan de sa ou konn pran lakay ou pandan ou isit la. **Pou sekirite w, pale ak ekip swen w lan avan ou pran kèlkeswa medikaman poukont ou.** Yo ka chanje medikaman w yo pandan w entène a. Si w gen enkyetid sou medikaman w yo oswa sou modifikasyon medikaman w yo, tanpri pale sa a ak enfimyè w la, famasyen, oswa nenpòt manm ekip swen w lan.

### NOU LA POU OU

**Medikaman Ou**

Enfimyè w la ap kesyone w sou:

- Tout medikaman ou pran lakay, tankou medikaman sou òdonans, sipleman, vitamin, ak medikaman an vant lib.
- Tout alèji oswa move reyaksyon ou te genyen ak medikaman oswa manje.
- Tout medikaman ou te pote sot lakay ou, n ap konsève yo an sekirite paske n ap ba ou tout sa w ap bezwen pandan tan w app ase lopital la.
- Jan ou konprann objektif ak efè segondè tout medikaman nou ba ou.



PALE

### KONNEN MEDIKAMAN W

Ou gen dwa pou w konprann chak medikaman w resevwa plis posib, tankou:

- Non jenerik ak non komèsyal.
- Pou ki w ap pran l.
- Ki lè l ap kòmanse travay.
- Dozaj la, konbyen tan l ap dire epi chak ki lè w ap pran l.
- Manje, bwason oswa aktivite ou ta dwe evite pandan w ap pran l.
- Efè segondè ak jan pou ou jere yo.
- Jan yo reyaji ak lòt medikaman w ap pran.

# SEKIRITE W



RELE – PA TONBE!





### Toune Chak È d Tan

Pandan ou la, sante ou ak byennèt ou se prensipal priyorite nou. Yon manm nan ekip swen w lan ap vin vizite w chak è d tan.

### Rele – Pa Tonbe

Medikaman w ap pran, tretman w ap suiv, menm sèlman paske ou nan yon anviwònman ou pa abitye avè l kapab ran li difisil pou ou leve sou kabann pou kont ou.

Tanpri, itilize bouton apèl la pou ou enfòme nou lè ou menm oswa vizitè bezwen èd pou leve. Kèlkeswa valè fwa ou bezwen nou, sa p ap janm deranje nou – Nou la pou ou.

Lè ou menm ak ekip swen w lan dakò pa gen danje, aktivite tankou chanje pozisyon, bouje epi mache enpòtan. Leve sou kabann:

- Amelyore sikilasyon san
- Amelyore tonis misk
- Amelyore respirasyon
- Anpeche zo vin rèd
- Kontizyon ak nemoni

**Mande ekip swen w lan si pa gen danje pou ou leve sou kabann nan poukont ou.**

### Ijyèn Men

Lave men souvan oswa itilize dezenfektan souvan enpòtan pou evite enfeksyon pwopaje, sitou nan lopital. Tanpri pran mezi sa yo pou ou pwoteje tèt ou, vizitè ou, ak tout lòt moun:

**PASYAN**

- Dezenfekte men ou avan ou manje oswa avan ou pran medikaman.
- Dezenfekte men nou aprè ou fin sot nan twalèt.
- Sèvi ak dezenfektan pou men oswa lenjèt imid – n ap bay yo – sof si ekip swen w lan di w pou w itilize savon ak dlo. N ap ede w lave men w lè se dlo ak savon preferab.

**VIZITÈ**

- Dezenfekte men yo chak fwa yo antre oswa soti nan chanm ou an.
- Dezenfekte men yo avan yo manje oswa avan yo ede w manje.
- Dezenfekte men yo aprè yo fin sot nan twalèt.

PALE

**GADE NOU K AP LAVE**

- **Tout manm pèsonèl la dwe lave men yo oswa pase denzefektan avan yo bay swen ak aprè.**
- Ou gen dwa pou wè tout pwofesyonèl swen lave men yo.
- Ou dwe raple pwofesyonèl swen w lan sa si ou pa wè l fè sa, epi enfòme enfimyè an chèf la si sa pa fèt.
- Gan pa ranplase netwayaj men nòmal.
- Nou itilize dezenfektan pou men plis pase savon ak dlo; se yon mwayen efikas pou evite pwopagasyon enfeksyon.





# TELEFÒN CHANM OU AN

**NOU LA POU OU**

**Byenvni**

Enfimyè w la ap montre w kòman pou w itilize anpil ekipman, tankou:

- Jan pou ou itilize telefòn chanm ou an
- Jan pou w konekte sou sèvis Wi-Fi gratis nou an
- Jan pou w mande sèvis entèprèt nan lang ou pito
- Jan pou ou konsève bagay enpòtan w ak lòt efè pèsonèl ou

### Jan pou Fè Apèl:

*Jackson Memorial*: Konpoze “99” epi mete nimewo telefòn lokal la.

*Jackson North & South*: Peze “9” epi mete nimewo telefòn lokal la.

*Tout lòt lopital Jackson*: Peze “99” epi mete nimewo telefòn lokal la.

Yo pa ka mete frè pou *apè l Long distans* sou kont chanm ou an. Pou apèl long distans, tanpri konpoze “0” epi yon operatè ap asiste w.

### Jan Ou Ka Resevwa Apèl:

Ou kapab resevwa apèl sou nimewo telefòn ki ekri sou tablo kominikasyon w lan dirèkteman. Yo kontakte w sou nimewo prensipal lopital ou a tou:

*Jackson Memorial:* 305-585-1111
*Jackson North:* 305-651-1100
*Jackson South:* 305-251-2500
*Holtz Children's:* 305-585-KIDS
*Tout lòt lopital Jackson:* 305-585-1111

### Itilizasyon Aparèy Mobil Ou

Aksè entènèt san fil konplemantè disponib pou ou ak pou vizitè w. Jis konekte sou JHS_Guest sou aparèy mobil epi suiv enstriksyon sou ekran an.




# SÈVIS ENTÈPRÈT

Ou menm ak vizitè w gen aksè entèprèt langaj pale ak entèprèt langaj siy 24 sou 24, 7 sou 7. Ou p ap peye pou aparèy sa a – sèlman avize yon manm nan ekip swen w lan. Tanpri enfòme nou tousuit prefere diskite de swen w ak tretman an nan yon lòt lang. W ap resevwa pi bon swen posib lè ou konprann tout diskisyon ak pwofesyonèl swen w yo nèt.

# EFÈ PÈSONÈL



Ou kapab resevwa swen nan anpil pati nan lopital la, epi chanm ou an kapab rete san moun pandan yon long peryòd. Pou rezon sa a, nou pa rekòmande pou ou kite bagay ki koute chè tankou bijou, aparèy elektwonik, lajan, oswa souvni santimantal san siveyans. Pou plis enfòmasyon sou sa ou dwe fè ak efè pèsonèl ou yo, tanpri mande ekip swen w lan.

Nou pa kapab responsab pou efè pèsonèl ki nan chanm ou. Si ou pèdi yon bagay, tanpri enfòme ekip swen w lan imedyatman. N ap fè tout efò pou n ede w jwenn li.

# REFLECHI ALAVANS SOU RETOU W LAKAY OU



Nou fè tout sa n kapab pou n rann ou konfòtab nan Jackson, men pa gen pi bon kote ou ka retabli pase lakay ou. Chak jou pandan tan ou nan lopital la, ekip swen w la nap diskite sou pwogrè w epi l ap planifye egzeyat ou.

Ou kapab jwenn enfòmasyon detaye sou pwosesis sa a nan paj 27, epi men kèk pwen enpòtan pou reflechi sou yo kounya menm:

- Pou n asire sekirite w, se medsen w lan ki responsab pou apwouve dat egzeyat ou a.
- N ap goumen pou n egzeyate pasyan yo 11 è di maten pou pi ta. Sa ap ba w ase tan pou rive lakay ou an sekirite epi pou w fè tout aranjman pou kontinye retablisman w. Tanpri planifye omwens de (2) jou alavans pou ou jwenn yon mwayen ki san danje epi ki fyab pou ou soti lopital la rive lakay ou. Tanpri, okouran ke pasyan k ap rekipere yo nan anestezi pa pral pèmèt yo kite nan yon taksi oswa rideshare.
- Responsab dosye w la ak travayè sosyal ou a ap kòdone pati enpòtan nan egzeyat ou a, epi ekip enfimye w la ap ba ou enstriksyon pou tretman ak randevou suivi.

NOU LA POU OU

**Transpò**

Depi jou ou rive a, ekip swen w lan ap travay avè w sou plan egzeyat ou. Li enpòtan pou w konfime plan transpò ou de (2) jou avan ou espere egzeyate. Nou antann nou plan transpò mwen se:



# EKIP SWEN M NAN



Medsen Mwen an: ______ Ekip: ______

Medsen Konsiltan Mwen: ______ Espesyalite: ______

Inite Mwen an: ______ Direktè Inite Mwen an: ______

Enfimyè an Chèf Mwen an: ______ Responsab Dosye m nan: ______

Travayè Sosyal Mwen an: ______

Enfimyè M yo: ______

Remak Mwen yo: ______

# LÒT RESOUS POU PASYAN

### Konprann Ekip Swen W Lan

Nan Jackson, Espesyalis nan yon pakèt espesyalite mete tèt yo ansanm pou ba ou swen. Tankou pwofesyonèl swen sante – yon konsèy ki gen medsen ak lòt klinisyen wo nivo – ak enfimyè, terapet, teknisyen, famasyen, travayè sosyal, ak lòt ankò. Konprann wòl diferan pwofesyonèl swen sante sa yo jwe pou w kapab nan kè swen w lan.






# INIFÒM EKIP SWEN AN




### Rankontre Pwofesyonèl Swen Sante w

Nan Jackson, souvan se plizyè doktè k ap swànye w. Men sa ou dwe espere nan men ekip swen nou an:

- Espesyalis ki soti nan diferan domèn kapab antre an konsiltasyon sou tretman w lan, epi diferan medsen nan menm espesyalite a kapab antre nan ekip swen w lan nan moman diferan.
- Pi fò etablisman Jackson yo se lopital inivèsitè. Doktè k ap fè estaj – yo rele entènis, rezidan, kòlèg – ap souvan asiste medsen wo nivo yo. Yo toujou anba sipèvizyon yon doktè diplome eksperimante ki kapab prezan fizikman ou pa.
- Manm ekip swen w lan kapab chanje jou aprè jou, pou ou kapab wè nouvo vizaj souvan.

| | |
|---|---|
| **Medsen Tretan** | Doktè k ap sipèvize epi kòdone tout swen w lan. |
| **Medsen** | Medsen diplome k ap jere swen w lè medsen tretan w lan pa prezan. Yo kontribye nan admisyon w ak nan planifikasyon egzeyat ou tou epi yo ede kòdone wòl espesyalis yo nan swen w lan. |
| **Entènis, Rezidan, Kòlèg** | Doktè sa yo se doktè ki nan estaj, yo tout boukle etid medikal yo epi y ap fè eksperyans nan swen pou pasyan anba sipèvizyon yon doktè diplome ki eksperimante. Nan anpil ka, se medsen akademik University of Miami Miller School of Medicine oswa Florida International University ki sipèvize yo. |
| **Enfimyè an Pratik Avanse ak Medsen Asistan** | Sa yo se pwofesyonèl swen sante lisansye ki kapab travay ak medsen tretan w lan, yo kapab preskri medikaman. |
| **Medsen konsiltan ak espesyalis** | Sa yo se doktè ki espesyalize nan yon domèn patikilye. Doktè tretan w lan kapab rele kalite medsen sa a pou ede l dyagnostike w epi trete w. |

## ENSTRIKSYON ANTISIPE

Sizanka ou pa ta ka pran pwòp desizyon medikal ou, lwa Florida pèmèt ou eksprime swè ou epi/oswa chwazi yon moun pou pran desizyon pou ou alavans. Yo rele dokiman legal sa a enstriksyon antisipe. Testaman ak mandate swen sante se de (2) kalite enstriksyon antisipe. Si ou potko fè sa, nou rekòmande w diskite sou enstriksyon antisipe a ak fanmi w kou sa posib. Pou plis enfòmasyon, tanpri pale ak travayè sosyal ou a.

## SWEN ESPIRITYÈL

Ekip miltikiltirèl ak miltidenominasyonèl nou an òganize priyè ak sakreman pou ou ak fanmi w. Chaplen nou yo resevwa fòmasyon pwofesyonèl pou travay nan anviwònman ki gen plizyè kwayans. Nou gen yon kominote prèt, raben, pastè, imam ak lòt ankò ki disponib pou vizite pasyan.

Pou ou mande wè yon chaplen nenpòt lè lajounen kou lannuit, tanpri rele 305-585-2529. Chaplen yo kapab bay espas prive pou sèvis relijye jwif ak pou priyè mizilman, ak lòt espas pou lòt bezwen espesyalize.

## CHAPÈL LOPITAL LA

- **Jackson Memorial Medical Center, tankou Holtz Children's Hospital:** The Nat Galley & Gertrude Galley Glucksman Chapel twouve l nan Kote Lwès Vestibil Jackson Memorial la. Li ouvri tout lè pou tout vizitè. Sèvis pou tout kwayans fèt a 8:00 a.m. lasemèn epi a midi le dimanch, epi sèvis katolik fèt a 11:45 a.m. lasemèn epi 3:30 le dimanch.
- **Jackson South:** Chapèl pou kwayans diferan an ouvri 24 sou 24. Li twouve l nan premye etaj la tou prè depatman ijans lan.

## MEDSIN AK CHIRIJI SAN SAN

Pou anpil sèvis, Jackson ofri opsyon medsin ak chiriji san san an pou pasyan adilt ak pasyan pedyatrik ki swete evite transfizyon san. W ap jwenn plis enfòmasyon si ou rele nan 305-585-7269.

## KANMPIS KOTE LI ENTÈDI POU MOUN FIMEN

Tout etablisman ak kanmpis – Jackson yo, menm deyò ak paking – se espas kote li entèdi pou moun fimen. Pou sekirite ak byennèt pasyan nou yo, vizitè nou yo ak anplwaye nou yo, nou pa pèmèt moun fimen nan okenn nan etablisman nou yo oswa sou lakou lopital la. Kit se sigarèt kit se vapotaj.

## APARÈY ELEKTRIK

Akoz lwa sou sekirite, nou pa pèmèt moun itilize aparèy ki mande konekte nan kouran nan lopital la. Tankou sechwa, kousen chofan, alonj elektrik, ak lòt aparèy elektrik, sof si gen otorizasyon.

## SÈVIS ANIMAL

Jackson aksepte ou resevwa sèvis animal sètifye pandan ou lopital la. Mande pou w vini ak tout dokiman nesesè. Si animal la prezante yon risk pou sante oswa pou sekirite, nou kapab mande pou ou fè lòt aranjman. Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte Sèvis pou Vizitè a. W ap jwenn yon ànyè depatman sèvis pou pasyan nan paj 37.

## SÈVIS MANJE AK NITRISYON

Lopital Jackson yo gen kizin konplè pou ba ou rejim sen ekip swen w lan preskri w. Plan repa nou yo chanje chak jou epi yo baze sou nòm American Dietetic Association yo. Ale nan paj 45 pou lè sèvis repa pou pasyan ak orè kafeterya a.

### NOU LA POU OU

**Sou Demand Ou**

Anpil nan espas pou pasyan nou yo gen Sou Demand Ou tou, sa ki pèmèt ou kòmande manje prefere nan yon meni ki bay plis chwa.

Pou ou kòmande, tanpri rele nimewo sa a apati telefòn chanm ou an:

Jackson Memorial, Holtz Children's, The Women's Hospital at Jackson Memorial: 85-8594

Jackson North: 85-3438

Jackson South: 56-5264

Tanpri remake sèvis sa poko disponib tout kote, epi chwa ou kapab limite selon plan tretman w lan.

# DWA OU AK DEVWA OU

- Yon pasyan gen dwa pou l bay lide l epi reponn kesyon ak demand fason ki rezonab.
- Nenpòt pasyan, avoka, responsab legal ki santi yo p ap trete pasyan an byen gen dwa, san l pa pè reprezay, gen dwa eksprime preyokipasyon/plent yo konsènan swen pasyan an ap resevwa a epi fè analize preyokipasyon/doleyans sa yo epi pou gen solisyon ki pote. Pwoblèm/plent yon pasyan p ap afekte kalite swen n ap ba li.
- Dwa pasyan yo, Devwa yo ak Avi kont Diskriminasyon afiche nan espas admisyon ak espas ijans lopital la.
- Anplwaye Jackson yo byen fòme sou dwa ak devwa pasyan.

### Dwa Ou Kòm Pasyan

Jackson ak kò administratif li, Public Health Trust, kore dwa pasyan pou:

- Chwazi yon avoka
- Gen aksè a swen ak enfòmasyon medikal
- Jwenn respè, diyite ak konsiderasyon
- Gen vi prive ak konfidansyalite
- Pran swen nan yon anviwònman ki an sekirite
- Gen enfòmasyon klè sou eta sante l ak sou swen
- Patisipe nan pran desizyon
- Wè lòt espesyalis medikal
- Konnen non pwofesyonèl swen sante yo
- Refize tretman
- Gen aksè a kominikasyon san restriksyon
- Resevwa vizitè
- Jwenn esplikasyon sou sa lopital la mande l pou l peye
- Konnen règ ak prensip lopital la
- Bay enstriksyon antisipe
- Fè lopital la analize plent ou
- Gen aksè a sèvis relijye ak lòt sèvis espirityèl

### Devwa Ou Kòm Pasyan

Kòm pasyan, ou gen pou devwa:

- Suiv enstriksyon yo
- Respekte lòt moun
- Suiv règ ak prensip lopital la
- Bay lopital la ak pwofesyonèl swen yo enfòmasyon presi e konplè
- Ale nan randevou
- Peye bòdwo lopital la
- Pran responsablite aksyon w

Si ou bezwen lòt enfòmasyon sou dwa ak devwa pasyan, tanpri kontakte ekip swen w lan.



# KESYON POU EKIP SWEN M NAN



# SANTE W, SEKIRITE W

# PRENSIPAL PRIYORITE NOU

Sante ou ak sekirite ou se prensipal priyorite nou. Ekip swen Jackson yo suiv fòmasyon trè avanse epi yo aplike pi bon pratik nasyonal yo pou pèmèt ou refè pi vit e pi byen posib. Kèk pwosesis kapab parèt yon repetisyon – rasire w, se mezi siplemantè ekip la ap pran pou pwoteje w.

Anplis de sa, Jackson ap patisipe nan yon kanpay nasyonal ki rele Speak Up (Pale), ki raple pasyan yo yo toujou gen dwa pou poze kesyon, patisipe nan swen yo, pwoteje vi prive yo, konprann tretman yo a epi espere jwenn bon kalite swen nan men pwofesyonèl sante yo. Si ou ta genyen pwoblèm, tanpri mande pou w pale ak enfimyè an chèf a.

**PALE...**
- Si ou pa konprann yon bagay oswa si yon bagay pa parèt kòrèk pou ou.
- Si ou pale yon lòt lang epi ou ta renmen jwenn yon entèprèt.
- Si ou bezwen eksplikasyon sou fòm medikal yo.
- Si ou panse y ap konfonn ou ak on lòt pasyan.
- Si ou pa rekonèt yon medikaman oswa ou panse medikaman ou pral pran se pa li.
- Si ou pa pran medikaman ou oswa tretman lè ou ta dwe pran li.
- Sou alèji ou ak reyaksyon medikaman te pwovoke sou ou.

**FÈ ATANSYON...**
- Verifye badj idantifikasyon doktè yo, enfimyè yo ak lòt manm pèsonèl la pote yo.
- Verifye badj idantifikasyon nenpòt moun ki mande pou pran bebe w ki fenk fèt la.
- Pa pè fè doktè yo ak enfimyè yo sonj kabannn e pou yo lave men yo.

**FÒME TÈT OU...**
- Pou ou kapab pran desizyon eklere sou swen ou.
- Kesyone doktè yo ak enfimyè yo sou fòmasyon yo ak eksperyans yo nan tretman pwoblèm ou an.
- Mande enfòmasyon ekri sou eta sante w.
- Chache konnen konbyen tan tretman ap dire epi ki jan ou ta dwe santi w pandan tretman an.
- Mande enfòmasyon sou fason ou dwe sèvi ak ekipman medikal ou a.

**AVOKA (manm fanmi ak zanmi) kapab ede...**
- Bay konsèy ak sipò – men yo dwe respekte desizyon ou sou kalite swen ou vle.
- Poze kesyon, note enfòmasyon ak enstriksyon ki enpòtan pou ou.
- Asire w ou jwenn medikaman ak trètman ki kòrèk.
- Byen li fòm konsantman pou w ka konprann li nèt.
- Pran enstriksyon pou swen suivi, epi chache konnen kilès pou ou rele si eta sante w ta anpire.

**KONNEN NOUVO MEDIKAMAN w...**
- Chache konnen kòman li ka itil.
- Mande enfòmasyon sou li, tankou non komèsyal li ak non jenerik yo.
- Poze kesyon sou efè segondè yo.
- Chache konnen si ou kapab pran l san danje ak lòt medikaman ak vitamin.
- Mande preskripsyon enprime ou pa ka li ekriti a.
- Li etikèt ki sou sachè ki entravene (IV) a yon pou w konnen sa ki ladan l ak si se ou li ye.
- Mande konbyen tan IV a ap pran pou l fin koule.

**ITILIZE YON ÒGANIZASYON POU KALITE SWEN SANTE KI...**
- Gen eksperyans nan bay moun ki gen menm pwoblèm sante avè w.
- Doktè w la kwè ki gen pi bon swen an pou pwoblèm sante w la.
- Ki akredite, sa vle di li satisfè sèten mòn kalite.
- Ki gen yon kilti ki valorize sekirite ak kalite epi li travay chak jou pou amelyore swen.

**PATISIPE NAN TOUT DESIZYON KI KONSÈNE SWEN OU...**
- Diskite chak etap swen w lan ak doktè ou.
- Pa pè tande yon dezyèm oswa yon twazyèm opinion.
- Pataje lis medikaman ak vitamin ou ki ajou ak doktè ak enfimyè yo.
- Pataje kopi dosye medikal ou ak ekip swen sante w la.





# PREVANSYON ENFEKSYON

Si ou menm ak ekip swen w lan suiv kèk pwosedi senp, sa ap pèmèt nou evite enfeksyon ki kapab konplike retablisman w. Nan kèk ka, ekip swen w lan kapab enplemante kèk lòt prekosyon pou oumenm ak pou vizitè w yo si sistèm iminitè w afebli oswa si w prezante risk pou w atrape yon enfeksyon grav.

## Mezi Woutin Pou Evite Enfeksyon

### Swen pèsonèl
- Benyen chak jou ak savon antiseptik espesyal.

### Swen Bouch
- Enpòtan pou evite nemoni.
- N ap ba ou materyèl medikal ak asistans lè sa nesesè.
- Pasyan dwe pran swen bouch yo aprè chak repa ak lè yo pral dòmi, sof pasyan ki sou respiratè k ap resevwa swen bouch chak katr è.

### Dezenfektan Nazal
- Anpil pasyan ap resevwa dezenfeksyon pou nen de (2) fwa pa jou ak yon antiseptik pou nen ki gen sant sitwon pou evite enfeksyon jèm ki nan nen pwovoke.

### Pozisyon ak Mobilite
- Lè ou chanje pozisyon regilyèman – epi leve sou kabann nan lè ekip swen w lan dakò sa pa reprezante danje – sa ka evite konplikasyon tankou ilsè ak nemoni. Pèsonèl la ap toujou kontan pou asiste w.

### Ijyèn Men

**PASYAN**
- Dezenfekte men ou avan ou manje oswa avan ou pran medikaman.
- Dezenfekte men w aprè ou fin sot nan twalèt.
- Sèvi ak dezenfektan pou men oswa sèvyèt an papye – n ap bay yo – sof si ekip swen w lan di w pou w itilize savon ak dlo. N ap ede w lave men w lè se dlo ak savon preferab.

**VIZITÈ**
- Dezenfekte men w chak fwa yo antre oswa soti nan chanm ou an.
- Dezenfekte men yo avan nou manje oswa avan yo ede ou manje.
- Dezenfekte men yo aprè yo fin sot nan twalèt.

## Siy Prekosyon Izòlman

Selon eta sante w, tretman w ak lòt faktè, ekip swen w lan kapab mete youn nan afich prekosyon izòlman sa yo nan pòt chanm ou an. Ou gen dwa pou w espere tout pwofesyonèl swen w yo ak lòt vizitè respekte egzijans sa yo pou pwoteje sante w ak sekirite w.



















## Konprann Antibyotik

Antibyotik se medikaman yo itilize pou trete enfeksyon bakteri oswa pou fè prevansyon. Yo pa efikas kont viris tankou lagrip, epi itilizasyon antibyotik yon fason ki pa kòrèk reprezante yon danje pou ou menm ak pou kominote w la. Itilizasyon eksesif antibyotik kapab lakoz bakteri vin pi rezistan, sa k ap fè l pi difisil pou elimine yo epi y ap vin pi danje. Sa kapab fè ou pase plis tan lopital epi li ka lakoz gwo konplikasyon.

Lòt medikaman, vitamin ak sipleman kapab afekte efikasite antibyotik tou; asire w ekip swen w lan gen lis detaye konplè sou sa w ap pran yo.

## Evite Enfeksyon Grav Yo Pran Souvan nan Lopital

| KALITE | JAN POU W KÒMANSE | SENTÒM | JAN POU W EVITE YO |
|---|---|---|---|
| Lye ak Katetè<br>Kanal Irinè<br>Enfeksyon | Mikwòb ka antre nan kanal irinè a pandan w ap itilize tib pou drene pipi. | • San nan pipi oswa pipi souvan<br>• Doulè lè w ap pipi<br>• Kanal brile lè w ap pipi<br>• Lafyèv | • Lave men w avan w touche kote a.<br>• Kenbe sak pipi a pi ba vesi pou anpeche pipi a tounen.<br>• Pa rale, tòde oswa koube tib la.<br>• Byen atache katetè a nan janm ou.<br>• Mande ekip swen w lan ede w. |
| Asosye ak Liy Santral la<br>Sistèm sangen<br>Enfeksyon | Mikwòb antre nan sistèm sangen an pa nan yon tib yo mete nan yon venn nan avan bra, nan pwatrin, nan fant janm oswa kou. | • Frison<br>• Lafyèv<br>• Woujè, anflamasyon, doulè nan sit la | • Lave men w avan ou touche kote a.<br>• Asire w ekip swen w lan mete gan, blouz, mask, kepi, ak dra esteril lè y ap manipile tib la.<br>• Fè ekip swen w lan konnen sa rapid si pansman sòti, si l mouye oswa sal, oswa si kote l ye a ap fè w mal.<br>• Mande ekip ou a pou l retire tib la kou sa posib. |
| Enfeksyon Sit Operatwa | Rive apre operasyon nan pati kò kote operasyon an te fèt la. Enfeksyon sit operatwa se kapab enfeksyon sipèfisyèl nan nivo po sèlman. | • Wouję sit<br>• Doulè<br>• Drenaj likid lenfatik<br>• Lafyèv | • Lave men w avan ou touche kote a.<br>• Pa fè operasyon sit, paske iritasyon ogmante risk enfeksyon.<br>• Mande ekip swen w lan pou yo montre w jan pou swànye plè a san danje. |
| Lye ak respiratè<br>Nemoni | Mikwòb antre nan poumon yo atravè yon tib nan bouch, nen oswa kou. Tib sa a sèvi pou ede w respire. | • Lafyèv<br>• Rim<br>• Frison<br>• Tous<br>• Souf kout | • Lave men w avan ou touche kote a.<br>• Mande ekip ou si pa gen danje pou w monte tèt kabann nan.<br>• Di ekip swen w lan sa si yo pa netwaye anndan bouch ou.<br>• Mande ekip swen w lan pou l retire tib la kou sa posib. |



# EGZEYAT OU

NOU LA POU OU

**Avan Ou Ale**

Depi jou ou rive a, ekip swen w lan ap travay avè w sou plan egzeyat ou. Sa yo se nèf (9) bagay enpòtan pou ou pran an konsiderasyon pandan w ap fè aranjman pou ou retounen lakay ou. Tanpri asire w ou konpran tout – ekip ou a toujou kontan re-eksplike.

# EGZEYAT LIS VERIFIKASYON

- REZIME SOU EGZEYAT
- LIS MEDIKAMAN
- FÒMASYON SIPLEMANTÈ SOU EGZEYAT
- PRESKRIPSYON POU EGZEYAT
- TRANSPÒ
- RESOUS, EKIPMAN AK SIPÒ POU PASYAN
- RANDEVOU POU SUIVI
- ORYANTASYON POU ETA SANTE
- ANKÈT SOU EKSPERYANS PASYAN



# PREPARASYON POU EGZEYAT

**Rezime**

- Pou n asire sekirite w, se medsen w lan ki responsab pou apwouve dat egzeyat ou a.
- N ap goumen pou n egzeyate pasyan yo bò 11 è di maten pou pi ta. Sa ap ba w ase tan pou w rantre lakay ou an sekirite epi fè aranjman pou kontinye pwosesis retablisman w lan. Tanpri planifye omwens de (2) jou alavans pou ou jwenn yon mwayen ki san danje epi ki fyab pou ou soti lopital la rive lakay ou. Tanpri, okouran ke pasyan k ap rekipere yo nan anestezi pa pral pèmèt yo kite nan yon taksi oswa rideshare.
- Responsab dosye w la ak travayè sosyal ou a ap kòdone pati enpòtan nan egzeyat ou a, epi ekip enfimyè w la ap ba w enstriksyon pou suivi tretman an ak pou randevou.

## MEDIKAMAN

Avan ou ale, n ap ba ou yon lis medikaman ak enstriksyon.

- Li enpòtan pou ou konnen egzakteman ki lè pou ou pran premye dòz chak medikaman.
- Mande enfimyè w la oswa yon famasyen pou verifye medikaman w yo avan w kite lopital la si w gen kesyon.
- Konsève lis medikaman aktyèl ou yo nan bous ou, valiz ou oswa nan telefòn ou pou w kapab pataje detay yo ak pwofesyonèl swen w yo.
- Fè yon suivi rapid ak doktè swen primè w la sou tan ou te pase lopital la, tankou nenpòt chanjman ki te fèt nan medikaman pandan ou te entène a.
- Jeneralman, ekip swen w lan kapab fè livre medikaman egzeyat yo nan chanm ou an avan w ale oswa nan youn nan famasi pou pasyan ekstèn nou yo. Si ou pito sa, ou kapab egzekite preskripsyon an nan yon famasi tou pre lakay ou.

NOU LA POU OU

**Achte Medikaman W Nan Jackson**

Jackson kapab achte medikaman doktè w preskri w lè w ale lakay ou ak medikaman w ap kontinye bezwen. Famasi pou pasyan ekstèn disponib nan anpil etablisman Jackson. Ale nan 44 pou w jwenn kote yo ye ak detay.

## SÈVIS FAMASI JACKSON

- Aksè a medikaman espesyalize ki pa disponib nan anpil famasi ki vann an detay.
- Aksè a pwogram ekonomi ki pa disponib nan famasi deyò.
- Patenarya ak anpil konpayi asirans ak asistans ki gen otorizasyon alavans.
- Kòdonatè asistans finansye pou ede w diminye depans k ap fèt nan pòch ou.
- Livrezon sèten medikaman a domisil.
- Famasyen espesyalize ki kapab bay asistans nan jere efè segondè ak nan fòmasyon sou maladi espesyal.

Rele nou nan 305-585-3996 oswa rele gratis nan 855-213-2788. Vizite nou sou JacksonPharmacy.org.

### Asistans pou Egzeyat

Depi jou ou rive a, ekip swen w lan gen pwofesyonèl tankou responsab dosye ak travayè sosyal pou ede planifye egzeyat ou. Manm ekip sa yo kapab asiste w nan sèvis tankou:

- Enstriksyon antisipe/chwa mandatè
- Swen sante a domisil jan doktè w preskri sa
- Kòdinasyon evalyasyon finansye
- Transpò
- Reyinyon fanmi
- Ekipman ou bezwen jan doktè w preskri sa
- Plasman nan yon etablisman swen, sèvis soutyen, sèvis swen enfimyè espesyalize, sant reyabilitasyon egi, chèltè, oswa nan lòt enstalasyon ki apwopriye

Lòt manm ekip swen w lan tankou inaloterapet, fizyoterapet ak ègoterapet, kapab enplike nan egzeyat ou a tou. Kontakte ekip swen w lan si ou gen nenpòt kesyon.

# APRE EGZEYAT



### Rete An Kontak

Retablisman w ap kontinye apre ou fin kite lopital la, epi nou vle asire nou sa prale byen.

Yon manm ekip swen w lan ka rele w premye jou oswa de (2) jou aprè ou fin egzeyate pou reponn kesyon epi pou l asire l w ap fè pwogrè jan yo te prevwa l la. Tanpri asire w ou ban nou yon nimewo telefòn ki bon pou n kontakte w oswa pwofesyonèl swen w lan.

### Swen Suivi

